



Fonkoze
fondasyon kole zepòl
Ann kreye richès pou lavi miyò !

119, Avenue Christophe
Port-au-Prince, Haïti
(509) 4801-2020
fondasyonjeneral@fonkoze.org

FONDASYON KOLE ZEPÒL « FONKOZE »

Ap chache yon Chaje Administratif Teren – Boujonnen Lavi

Tit pòs la : Chaje Administratif Teren – Boujonnen Lavi

Sipèvizè li : Responsab Rejyonal - BL

Kote pòs la baze : Okay

Entwodiksyon

Fondasyon Kole Zepòl “FONKOZE” se yon enstitisyon Ayisyen ki a bi non likratif, ki kreye nan lane 1994 pa Pè Joseph Philippe ak yon gwoup òganizasyon de baz e ki gen rekonesans itilite piblik depi 2005. Fonkoze se yon fanmi òganizasyon k ap travay nan kole zepòl pou ofri sèvis finansye ak sèvis ki pa finansye pou tout Ayisyen – sitou fanm yo - jwenn mwayen pou yo retire fanmi yo nan lamizè.

Misyon

Bay asistans ak sevis de kalite pou ekip teren an jwenn ankadreman administratif pou yo kapab byen opere ak fonksyone epi ede patisipan yo amelyore kondisyon lavi yo jan pwoje a prevwa li.

Aktivite prensipal

Jesyon travay administratif teren

- Enfòmè ak kolabore ak Manadjè Pwojè BL la, ADM Pwogram nan, ak lòt entèvenan yon fason pou li toujou konnen sa k ap pase nan inisyativ nan pou l ka fè previzyon pou chak aktivite, epi fè nenpòt chanjman ki merite fèt pou asire BL an mache ansanm ak jefò chak pwogram enplike.
- Fe tout sa ki posib pou moun ki sou teren jwenn tout sa yo bezwen pou yo fe travay la.
- Verifye aktivite ak dokimantasyon sou teren lè sa nesese.

Jesyon planning ak lojistik

- Ede nan tout planifikasyon lè gen reyiniyon ekip sou teren.
- Jere kondisyon moto yo.
- Fe rezevasyon otel ou lokal nan Sid.
- Kowòdone ak rete an kontak avèk ak tout moun nan ekip la (menm nan wikend ou jou konje) pou fasilite bon avansman pwogram nan.

- Fè demand acha materyèl pou BL epi voye yo bay Administratè Pwoje a.
- Gen kontwòl estòk tout materyèl BL sou teren epi mete envantè ajou 2 fwa chak ane.
- Jere kay ak biwo pwojè a genyen nan Sid: asire yo gen dlo, kouran, entenet epi yo pwop.

Jesyon tout depans ak jistifikasyon

- Prepare tout demann avans selon sa ekip sou teren yo planifye.
- Fe retrè lajan sou kont fonksyonman pou aktivite yo pou ekip la jwenn lajan a le pou yo ka travay.
- Antre tranzaksyon aktivite nan rejiste pou kontwole avans, antre, balans pou demann avans yo.
- Asire tout pyes jistifikatif yo korek pou tout depans li fe li menm, epi remet pyes sa yo bay moun ki fe rapò jistifikatif la (sipevize, osinon administrate pwogram).

Lot aktivite

- **Jesyon timesheet:**
 - Prepare fichye eksel pou remet timesheet ajan kominote yo konple chak mwa bay administrate pwogram nan.
- **Jesyon klasman :**
 - Asire ke tout dokiman pwoje klase e eskane pou tout aktivite yo.
- **Jesyon estok tablet:**
 - Asire ak Ofisye IT ke tout tablet pwoje yo nan bon kondisyon, ap fonksyone pou tout aktivite yo, ou klase nan biwo le yo pa nan fonksyon.

Fòmasyon ak eksperyans :

- Nivo Inivèsite nan ekonomik, syans sosyal, administrasyon ou finans.
- De (2) ane minimòm nan yon pozisyon menm jan an.

Konesans :

- Metriz kreyòl, franse ak angle.
- Fenèt konesans konpitè (word, excel, powerpoint, aksè).

Aptitud ak Kapasite :

- Konnen kijan pou planifye travay epi li pa pèdi devan je objektif.
- Kreyatif, discipline, gen respè epi onèt.
- Genyen entèlijans emosyonèl / Kapab jere relasyon tansyon ak konfli moun ak moun.
- Kapasite pou travay ak kominike ak tout kouch sosyal yo

- Gen bon jan Lidèchip, lespri ekip ak inisyativ.
- Kapab travay avèk efikasite anba presyon.
- Kapab travay endepandan.
- Kapab devlope rapò ki klè, kout ak pwòp nan tout 3 lang yo

Kòman pou w postile:

- Ranpli fòmilè Googleform sa epi soumèt li :
https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSdH8bnehdr2zfZtHsPO6hBswLPGkUBtLwFo0HMfeCnPVUVaaw/viewform?usp=sf_link
- Soumèt Curriculum vitae (an franse), kopi diplòm, sètifika, lèt motivasyon (an franse) nan adrès elektronik: rekritman@fonkoze.org

Dat limit pou kandida ki enterese yo voye dosye aplikasyon yo se 12 septanm 2024 a 4h PM.

N- B:

- Pou pòs sa, Fondasyon Fonkoze ap chèche fè yon rekritman lokal. Sa vle di moun nan dwe oubyen abite Okay menm, oubyen rete yon kote nan zòn Sid la ki pa lwen vil Okay, yon fason pou li pa gen pwoblèm pou vin travay chak jou nan biwo Fonkoze Okay. »
- Nan ka kote konpetans yo menm, Fonkoze ap bay yon fanm oubyen yon moun ki an sitiyasyon andikap priyorite.